

M-CHAT

Tanpri ranpli fòm sa a ki konsènan jan pitit ou a konn aji. Tanpri eseye reponn chak gress gress késyon. Si konpòtman an konn rive raman (kidonk, ou konn wè li yonn oubyen de fwa konsa), reponn konmsi timoun nan pa te janm gen konpòtman sa a ditou.

- | | | |
|---|----|-----|
| 1. Èske pitit ou an renmen lè w'ap bèse'l, oswa lè w'ap balanse li sou jenou ou, elatriye | Wi | Non |
| 2. Èske pitit ou an konn enterese (renmen jwe) ak lòt timoun parèy li? | Wi | Non |
| 3. Èske pitit ou an konn renmen grenpe pou li monte sou bagay, tankou eskalye? | Wi | Non |
| 4. Èske pitit ou an konn renmen jwe koukou/apa li, kach kach liben/lago kache | Wi | Non |
| 5. Èske pitit ou kon pretann jwet, komsi l'ap pale nan telefòn, oubyen l'ap okipe pope-li,
oubyen l'ap fè lòt bagay kèlkonk? | Wi | Non |
| 6. Èske pitit ou an janm lonje dwèt li pou li vize yon bagay l'ap mande? | Wi | Non |
| 7. Èske pitit ou an janm lonje dwèt li pou li vize, epi montre yon bagay ki enterese li? | Wi | Non |
| 8. Èske pitit ou an konn jwe byen ak ti jwèt piti (tankou ti machin, oubyen ti blòk an bwa)
san li pa foure yo nan bouch li, vire yo, tounen yo, oubyen lage yo atè? | Wi | Non |
| 9. Èske pitit ou an janm pote bagay devan ou (kòm paran) pou li montre ou? | Wi | Non |
| 10. Èske pitit ou an konn gade ou nan je, pou plis ke yonn ou de segonn? | Wi | Non |
| 11. Èske pitit ou an janm parèt tankou li trò sansiv pou li tande bri (kidonk, li konn bouche
zòrèy li)? | Wi | Non |
| 12. Èske pitit ou an konn souri lè l'ap gade figi ou, oubyen lè li wè w'ap souri ba li? | Wi | Non |
| 13. Èske pitit ou an konn imite ou? (kidonk, si ou fè yon grimas, li fè you grimas tou?) | Wi | Non |
| 14. Èske pitit ou an reponn lè ou rele non'? | Wi | Non |
| 15. Si ou lonje dwèt ou sou yon jwèt nan chanm nan, èske pitit ou an ap voye je'l sou li? | Wi | Non |
| 16. Èske pitit ou an mache? | Wi | Non |
| 17. Èske pitit ou an gade bagay li wè w'ap gade? | Wi | Non |
| 18. Èske pitit ou an fè mouvman ki dwòl ak dwèt li, tou pre bò figi li? | Wi | Non |
| 19. Èske pitit ou an konn eseye atire atansyon ou pou fè ou gade aktivite l'ap fè? | Wi | Non |
| 20. Èske ou janm mande tèt ou, si pitit ou an soud? | Wi | Non |
| 21. Èske pitit ou an konprann sa moun di? | Wi | Non |
| 22. Pafwa, èske pitit ou an konn fikse je li sou anyen, (pitit la nan lalin) tankou je li yo ap
flannen nan levid? | Wi | Non |
| 23. Èske pitit ou an konn gade figi ou pou li wè ki reyakson ou, lè li devan yon bagay
(ou byen you sitiyasyon) li pa twò rekonèt? | Wi | Non |